Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

№ 22 (7266)
2017 сон 8 Май
Итни
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

КІудияб ВатІанияб рагъ лъугІун - 72 сон!

## БахІарчияб халкъалъул - кІудияб бергьенлъи



Метер 72 сон тІубала инсаниятлъул тарихалда жаниб киданиги букІинчІеб гІадаб рагъ лъугІараллдаса. Фашистазул чакмабаз мерхьана тІолабго Европа, ракІалдаго гьечІого ва тохлъукьего кІанцІана нилъер гІагараб ВатІаналде, рахьана шагьарал, рухІана росаби, асир гьаруна гІадамал, жидецаго рахьарал ракьазда чІезабуна хасал низамал, киса-кирего тІиритІизаруна вахІшилъи ва пасалъи. Гьеб инжитлъи нилъер бахІарчияб халкъалъ хІехьечІо ва байбихьана рецІелалъулаб рагъ.

Байбихьудасанго ахиралде щвезегІан, кІалдиб рухІ букІаго цІунана эбелаб ракь. Регана амбразурабазда цере, самолетал речІчІизарун, кьвагьизаруна фашистазул эшелонал, нилъго ракъун рукІадго фронталъе битІана ретІелхьит, квен-тІех ва гь. ц. Гьеб гьедин гьабуна тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ва цциналъ. АхІи букІана «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе гІоло!» абураб. Гьеб ахІиялда гьоркь тІубараб улкаго сверун букІана рагъулаб лагералде. Гьеле гьедин цІунана нилъеца ВатІан.

Даимаб ва абадияб рецц буго чІаго ругел рагъул ветераназе, кІвахІтун тылалда хІалтІаразе! Жакъа нилъеца байрам кІодо гьабулеб буго рекІелъ кІудияб чІухІигун ва рохелгун. РакІал къвариръула рагъдаса руссинчІел нилъер гІолохъаби ракІалде щведал. Жакъаги чІегІер бахъун гьечІо рагъда россал чІварал руччабаз. Чан рагъухъанасул эбел вас вуссиналда хьулги къотІичІого, хвалил бусадаги егун, лъимералъул цІар ахІун рухІ босун хварай, чан бахІарай къороллъарай, чан лъимер бесдал гьабураб! БитІахъего ракІ гьанцІизабула гьелги гьезда бихьараб гІакъуба-гІазабги ракІалде щведал. Гьеле гьеб балагь рештІинабуна нилъеде гитлерилаз.

Амма, кинабго гьеб ана кІочене рес гьечІеб тарихалде.

Кин бугониги, жакъа байрамалъул къоялъ бокьун буго районалъул жамагІаталъе лъикІабщинаб гьаризе. Аллагьас нилъеда, лъамалазда, гьезулги лъималазда бихьизе ва рагІизе хъван батугеги рагъги гьелъул кьогІлъиги. Кидаго букІа абе роцІцІараб, бацІцІадаб зоб!

Гьарула районалъул жамагІаталъе даимаб рекъел, щивасе щулияб сахлъи, гІемерал соназул гІумро, талихІ ва гьабулебщиналъулъ икъбал!




**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетІер.**

## Районалда - ихдалил праздник



1 маялда районалъул администрациялъул азбаралда кІодо гьабуна Ихдалил ва ЗахІматалъул праздник. Гьенире ракІарун рукІана Шамильхъалаялда гІумро гьабулел, цогидал росабалъа гІадамал, школазул цІалдохъаби, ясли-ахазда тарбия кьолел. Тадбир рагьана культураялъул отделалъул нач. П. Пабдулаевас. Гьес данделъаразда баркана праздник ва рагІи кьуна «Унсоколо район» МОялъул бетІер П. НурмухІамадовасе. Праздник баркулаго П. НурмухІамадовас абуна: «Нужеда ихдалил праздник баркизе бокьун буго РДялъул БетІер Р. ПабдулатІиповасул, депутатазул корпусалъул, районалъул администрациялъул цІаралдасан. Гьаризе бокьун буго щулияб сахлъи, гьайбатаб къо, гьабулеб ишалъулъ, хъизаналъулаб гІумроялъулъ битІккей».

Данделъиялда баркиялъулал кІалъаял гьаруна районалъул бетІерасул зам. С. АрулмухІамадовас, кумекчи М. ХІажиевас, гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухІастановас.

Хадуб букІана праздникалъулаб концерт. Гьенир гІахьаллъана Унсоколо росулъа № I «Ромашка», № 3 Рихьуни росулъа «Фиалка», Шамильхъалаялъул № 8 «Солнышко» ясли-ахазул гьитІичал, Шамильхъалаялъул, Балахьуни школазул цІалдохъаби, «Гъойсу» ансамбль. Гьел балагьараз гьираялда кьабул гьаруна.

Терроризмалде данде

## Ругьунлъиялъул тадбир



28 апрелалда Шамильхъалаялъул школалда «Унсоколо район» МОялъул АТКялъ районалда бугеб МВДялъул ва ФСБялъул отделазгун цадахъ тІобитІана терроризмалде данде чІарал ругьун гьариялъул тренировкаби. Тадбиралъул гІуцІиялда гьоркьобе унаан террористаз школа бахъиялъул ва гьоркьлъалие лъурал эркен гьариялъул гІадал суалал. Гьоркьоре рачун рукІана школалъул хІалтІухъаби, «Хехаб кумекалъулал», районалъул ГО, ЧС, пожарниял хьулухъал. ЦІалулал тренировкаби рухьинарун рукІана гьединаб ахІвалхІалалде ккани гьаризе бегьулел ишазда. I999 соналда закониял гурел бандформированиял Дагъистаналде кІанцІараб мехалъ къвакІи ва бихьинчилъи бихьизабуна районалъул гІадамаз. Гьединал къоял рачІани хІадурго рукІиналъе кІудияб пайда букІана гьеб ругьунлиялъулаб тадбиралъул.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№22 (7266)*
*8 Май 2017*
*Итни*



**Рагъ такрарлъугеги**

Рагъда камуразул ахIи рагIулищ
Рагъал гьукъиялъе рагIи абе,-ян.
ЦIар гьечIел хабазул угьи рагIулищ
Ракълие хIалтIулел кIодо гьареян.

Дунялалда рекъел щула гьабизе
Щулалъи гIуцIулев, Путин чIахъаги!
Ракьалда тIад тIокIлъи жидее абун
Кьалде халкъ бачунел, тIаса рачаги!

ГIолилазул суалгун

# ТIаде къабул гьаруна



Араб анкьалда РДялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул министр А ХIажиевас бакIаздеги ун гIадамал тIаде къабул гьариялъул рамкаялда жаниб, районалъул гIадамал тIаде къабул гьаруна. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер П. НурмухIамадов, замал М. ХIасанова, М. ХIамзатов, мугIрул территориалияб округалда гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул полномоченияв вакил Ш. ГIабдулхIажиев, района лъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул специалист Ш. МухIамадов, районалъул МФЦялъул нухмалъулев Б. МухIамадов ва цогидалги. ТIаде къабул гьари букIана райадминистрациялда.

Кинавниги министрас тIаде къабул гьаруна I9 чи. Гьезда гьоркьор рукIана Унсоколо росдал бетIер ХI. МухIамадов, Шамилькъала поселокалъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комитеталъул пред. Ш. НурмухIамадов, депутат М. ГIабдурахIманов, тIадеги лъай кьеялъул центра лъул нухмалъулев М. Къадиев, № I СОШалъул директор М-Р. НурмухIамадов, Генуб, ГIашилтIа, ХъахIабросу росабазул гIолилазул вакилзаби. Гьезул суалал рукIана районалда ва росабалъ спортплощадкаби чIезариялъул, гьединго проектазда, гIолилазул программабазда хурхун, гьезулъ жалго гIолилал гIахьаллъиялда хурхун.

Жиндирго иргаялда Арсен ХIажиевас гIахьаллъаразе бицана гьел суалазда хурхун кумекал гьаризе ругин ва районалъул бетIерасе баркала загьир гьабуна гIуцIи бугеб тIаде къабул гьариялъухъ.

# БукIина «Эхо Ахульго» телеканал



Гьал къоязда нилъер районалде щвана РГВК «Дагъистан» телеканалалъул съемочнияб группа. Гьелъул «Вдохновение» передача бачуней Хамис Шамиловалъ бицана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун телевизионнияб проекталда хIисабалде босун бугин «Эхо Ахульго» абураб телеканал гьабизе. Гьелъ бицине буго АхIулгохIалъул тарихалъул, гьелъул кIвараялъул, мемориалияб комплекс баялъул ва гIемераб цогидалъулги.

Гьалбал щвана мемориалияб комплексалде, балагьана гьениб бугеб музеялъухъ, съемочнияб группаялда цадахъ вукIана ЕИСалъул нухмалъулев М. ХIайбулаев, комплексалъул нухмалъулев С-М. ГIалиев, ГIашилтIа росдал вакилзаби, тарихчагIи.

ГIахьалчагIаз баркала загьир гьабуна комплекс гьабуралъухъ Р. ГIабдулатIиповасе, РДялъул муфтий АхIмад-хIажие, кверчIвай гьабуразе, бакIал ралезе.

Рагъулаб тарихалдаса

# Мисаллъун хутIарав

1941 соналда ГьаракIуни росулъ учительлъун хIалтIулев вукIана I7 сон гурони гIумроялъул гьечIев Балахьуни росулъаса АбулхIасанов ГьазимухIамад. ВатIаналда тIад рагъул кIкIуй бетарал дол къояз цогидал гIолохъабигун цадахъ гьеси рагъулаб комиссариаталде гIарза кьуна живги немцаздаса гIагараб ВатIан цIунизе рагъде витIе,-ян. ГьазимухIамадил гIарза къабул гьабичIо. Ахирги гьесул мурад тIубана I943 соналда, живго гIадал гIолохъабазда цадахъ витIана гьев рагъде. Фронталда гIемер батIи-батIиял бакIазде хъулухъ гьабизе ккана гьев. № 28 абилеб Гвардиялъулаб кьвагьдохъабазул полкалда цадахъ гьес тушманасдаса эркен гьабуна Звениград, Пола, Баголов, Камов гIадал шагьарал. Гьес гIахьаллъи гьабуна Варшава эркен гьабиялъулъ ва Берлин бахъиялъулъ.



Рагъул ахиралде щвезегIан ГьазимухIамад вукIана связистлъун. Гьеб ккола рагъда бергьун кIудияб кIвар бугеб хIалтIи. Чан нухалъ гьев дандчIварав хвелгун, тушманас цIад гIадин тIаде балеб гула-хералда гьоркь, чан нухалъ гьес бухьен чIезабизе ккараб тIадегIанаб командованиялъулгун. Гьесул хIалтIуда бараб букIунелъулха рагъулъ щолел бергьенлабазул къисмат.

Цо нухалъ – иргадулаб гьужумалъул заманалда самолетаздасан рехун бачIараб бомбаялъ кIиябго рахъалдаса ракьул гIерекьги тIаде тIезабун, гьев жанив вукIараб окоп ракьуца бацизабуна, жанивго гьевги хутIана. Гьенисан къватIибе баккараб гьесул хIетIе шуршулеб бихьарал гIолохъабаз тIаса ракьги нахъе хъван, гьев хвасар гьавуна.

Гьединго тIураб телефоналъул квар бацIцIине гIорда тIад чIвараб цIералда тIасан унаго гьев тIерхьун ана гIурулъе. ТIад букIараб тIимугъ биччун бакIлъараб мехалъ къватIиве вахъине захIмалъулеб букIун, тIимугъ гIурулъе биччазе ккана гьес. Гьеб тIадкъай тIубалаго кIиго сагIат гIанисеб заман ана. Биччараб черх кутакалда цIорона. Амма кин букIаниги тIураб кварги бацIцIун, бухьен чIезабуна гьес.

Рагъда гIемераб къо бихьана ГьазимухIамадида. БатIи-батIиял фронтазде кканиги немцазул фашизмалда тIад КIудияб Бергьенлъи босизегIан гьев бахIарчилъиялда вагьана ва жиндирго рагъулал гьудулзабаздаса ватIалъичIо. ГьазимухIамад рокъове тIад вуссана Совет аскаралъ Япониялда тIад бергьенлъи босун хадуб.

Рагъда ГьазимухIамадица бихьизабураб бахIарчилъиялъеги къвакIиялъеги кIудияб кьимат кьуна Советияб хIукуматалъ. Командованиялъ гьесие кьуна гIемерал баркалаби, чанго орден ва медалал. Гьале гьездасан цо-цоял: «ВатIанияб рагъул II даражаялъул орден», «БагIараб цIва» орден, «Германиялда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло» медаль, «Варшава бахъиялъе гIоло», ва «Бихьинчилъиялъе гIоло» медалал, «Бухьеналъул отличник» гIаламат, Г. К. Жуковасул ва И. В. Сталинил баркалаби.

Армиялдаса ГьазимухIамад рокъове тIад вуссана I945 соналъул хаслихъе. Росулъе щвавраго гьев хIалтIизе лъугьана росулъ учительлъун. Амма фронталда ккараб квачалъул унтиялъ гьев цIакъ хехго загIиплъизе лъугьана ва кватIичIого Буйнакскиялда больницаялда вегизе ккана. Гьенисаги тIад вуссун, нахъеги росулъ унтарав ГьазимухIамад гIолохъанго, ай 24 сон букIаго хвана I947 соналъул апрелалда.

Нилъер гIолохъанаб гIелалъе кидагоялъе мисаллъун хутIила гьев бахIарчияв васас ВатIаналъе гьабураб ракI бацIцIадаб хъулухъ.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**

# Рагъул хIакъалъулъ цере лъаларел рукIарал цо-цо хIужаби

* Адольф Гитлерица жиндарго тушманлъул Сталин гуро рикIкIунев вукIарав, Левитанин (диктор). Гьесул бетIералъухъ гьес кьолеб букIана 250 азарго немцазул марка.

* Немцазул разведка кутакалда лъикI хIалтIулаан Советияб тылалда. ПицIго Ленинградалда тIатунаан гьезул хIиллаби. Блокаднияб шагьаралда немцаз шпионал ритIулаан кодор хIажатал жалгун, масала, документалгун, ретIел-хьиттун, гIарацгун ва гь. ц. Амма тIоцеве дандчIварав патрулас документазул хал гьабулаго гьел кколаан. Киналго хIиллабиги гьарун хIадурун рукIунаан гьез документал, амма хIасил кколароан. Гьелъие букIана гьадинаб гIилла. Нилъераз кагътазда чIвазе скрепкаби гьарулаан гьединго яб маххул, дозул абуни гьел рукIунаан нержавейкаялъул. Гьедин кьвуца кварал нилъер скрепкабиги кенчIолел гьезулги; гьеле гьелъ къватIиб чIвалаан немцазул макро.

* Фашистазул подводная лодкаялда бихьана Америкаялдаса Мурманскиялде рагъуе хIажатал жал; рагъулаб алат, бензин, танкаби росун унеб транспорталъулаб гама. Немцазда лъана гама цIунун гьечIолъи ва ракIалде ккана дагьалго релъанхъизе. 20-30 метр рикIкIадасан



подводкаялъ гьезде торпедо биччана. Гьелъул кьвагьиялъул кутакалъ гьаваялде рехизаруна палубаялда рукIарал танкал. Гьезул кIигояб речIчIана лодкаялда ва гьеб лъелъе тIерхьун ана.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 22 (7266)*
*8 Май 2017 сон*



Дагъистаналъул Следственнияб Управлениялъул (СКР) щуго соналъ нухмалъулевлъун тІамун вуго Сергей Дубравин. Гьал къоязда гьеб Указалда гъулбасана Россиялъул Президент В. В. Путиница. Цеве С. Дубравин хІалтІулев вукІана Тульский обласалъул Следственнияб Управлениялда.



# Иргадулаб аппараталъулаб совещание



2 маялда райадминистрациялда букІана аппараталъулаб совещание. Гьеб ана бетІер ГІ. НурмухІамадовасул нухмалъиялда гъоркь. ГІемерал суалал рорхана гьеб данделъиялда. Гьел рукІана ракьазул ва буголъиялъул актуализация гьаби, налогал ракІари, неформалияб занятность, цо-цо унтабазде данде боцІуда вакцинация гьаби, Бергьенлъиялъул къоялде хІадурлъи гІадал.

Совещание рагьулаго ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна цо-цо суалал ругин хехал тадбирал гьарун тІуразаричІого рес гьечІел. Гьел ккола боцІуда вирусалъулаб диареялде, ящуралде ва цогидалги унтабазде данде вакцинация гьабизе кколел,-ян бихьизабуна гьес. –Вакцина буго, гьабеха, риччаге гьел санагІат бахъарал рахунел унтаби тІиритІизе ва боцІул бетІер тІаса ине. КІочене бегьуларо гІемерисел гІадамазул боцІудасан бетІербахъун букІин. Гьеб рахъалде кІвар кьезе ккела росабазул бутІрузги.

Гьединго кІвар кьуна районалъул рекьулел ракьазде. БетІерасул кумекчи М. ХІажиевасул рагІабазда рекъон гьел ритІун хІалтІизарулел гьечІо. «ХІалтІулал сапарал гьаруна нижеца гъутабазде, гьезул кІвар буссинабуна ракь хІалтІизабиялде, хІалтІизаричІони гьел нахъе росулин лъазабуна, амма гьелъул хІасил кколеб гьечІо».

БатІаго босун букІана актуализация гьабиялъул суал. Гьелде бетІерас щибаб къойилаб кІварги кьолеб буго. Гьесул рагІабазда рекъон гьеб рахъалъ хІалтІи загІипго унеб буго. Экономикияб отделалъул нач. М. ГІадуевас бихьизабуна ракьазул ва буголъиялъул актуализация гьабиялъул хІакъикъияб картина хІакъикъаталде данде кколарин. Гьединлъидал РДялъул экономикаялъул министерствалде кагъат хъванин план гІодобе баче,-ян. Неформалияб занятосталъул бицунаго гьениб хІалтІи лъикІ унеб буго. РакІарулел руго налогалги.

Росабалъ гьел суалазда хурхун хІалтІи унеб бугеб куцалъул бицана Майданск, Рихьуни, ГьаракІуни росабазул бутІруз. Гьеб рахъалъ хІалтІи загІипго бугин бихьизабуна ГІ. НурмухІамадовас ва ахІана хІалтІулъ ругел ричча-рихъан теял лъугІизаризе, гьел суалазда сверухъ хІалтІи хІаракатчилъизабизе.

Гьоркьор лъурал суалаздасан жавабиязе тІадкъаялги кьуна.

# Цадахъ рекъон хІалтІиялъе

Араб анкьалда районалъул Цогояб Информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХІайбулаев щвана Дагъистаналъул радиоялъул авар мацІалда къватІибе кьолеб редакциялде ва РГВК «Дагъистаналде». Лъайхъвай гьабуна республикаялъул телевидениялъул хІалтІулгун, дандрана хадубккун цадахъ рекъон хІалтІи гьабиялъул суалал.

Республикаялъул СМИялде гьев щвеялъе гІилла букІана ТІолгороссиялъул муниципалиял сайтазул конкурсалда «Лучший сайт муниципального района» абураб номинациялда нилъер сайталъ кІиабилеб бакІ кквей. Дагъистаналъул радиоялъул ведущая ГІайшат Малачиеваль ва Калимат ШагІбановалъ гьев ахІана эфиралде, гьес гьениб бицана сайталъул, захІмалъабазул ва конкурсалда гІахьаллъиялъул.

**(Ахир 4 гьумералда)**

М. Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

# ХІинкъи бугев студент

**(Байбихьи 13-21 номеразда)**

Сергейие бокьун букІана гьеб гІалагъважаялъул мохъги тун, цо эркенго хІухьел цІазе бегьулеб бакІалде ворчІизе. Гьес жиндирго кІудияб ургъел гьабулеб букІинчІо, амма Сироткаца МахІачие кьолеб къиматги, гьесул бугеб кІварги Сергейида лъикІ бичІчІулаан.

-ГІедегІуге. АхІвал-хІалалъухъ балагьун чІезин,-ан жаваб кьуна МахІачица нахъеги ккезе бахъараб жоялъул пикруги гьабулаго. Гьанжеги гьесда цебе чІолеб букІана тІаде битІизабураб таманча ва полицияс гьикъулел рукІарал кІалал. Халатаб манзилалъги рекерун, гьанже гьел дагьаб мехалъ лъалхъана.

Свак дагьабго чучун ана, рекІел кьабиги низамалде бачІана. Гьел цІодорго къватІ ккун эхехере ралагьана. Жидеца полицияв тараб бакІалда, гьезда рихьана гІемерал гІадамалги канлъиги. Цо заманалдасан гьел рикьун ана. Гьелъ бицунеб букІана такъсирчи валагьизе полициялъ къуват рехун букІин. Гьалмагъасул цІакъ бакІаб кверги бугин, полицияв хунгІаги ватулареваниян ургъел ккана МахІачида.

-Лъалищ, Сергей,-ян шурана МахІачица гьесул гІинзунибе. –КъватІазда хьвадулел гІадамал дагьлъанагІан, полциялъе бигьаяб букІуна бокьарав чи чІезавизе. ГІемерал гІадамазул киналго чІезарун гьезда бажаруларо. Дида ракІалде ккола опера лъугІизегІан нилъ гьанир рахчун лъикІилан. Цинги халкъ биххун бачІина, гьезда гьоркьоре нилъги лъугьина.

-Квачан гьечІебани, бокьараб жо гьабизе бегьилаан. Дагьабги заманаялъ чІани, хІатІал цІоролел руго,-ян гьаракь бахъинаредухъ хІатІал цоцалъ кьабезабулев вукІана гьев.

-Нилъ гІемер кватІиларо гьанир.

ТалихІалъ гьел гІемераб заманаялъ къватІазда чІезе ккечІо. Хеккого опера лъугІана ва гІаламги къватІазде гьулчун бачІана. Гьелъ МахІачиеги гьалмагъасеги рес кьуна рахчаралъуса къотІноре лъугьине.

-Гьанже нилъеца лъаларедухъ, цойгидазда гьоркьоре рорчІизе хІаракат бахъизе ккола,-янги абун МахІачица гьалмагъгун цадахъ галаби гІедер гьаруна.

ЛъикІалан заманаялъ гьенир чІаниги къотІносан роржун унел чуял рарал экипажал гьоркьоса къотІулел рукІинчІо. Гьездаго хадур, операялъ жидеего гьабураб асаралъулги бицунаго, цойгидал гІадамалги рачІунел рукІана. МахІачицаги гьалмагъасги операялъул бицунаго, ракІ биччан цоцада гаргадулеб ххвелал гьаруна, цинги гьел гІадамазул гурулъе тІерхьана.

«ТІабигІаталъ жиндирго балъголъаби загІипго гурони рагьуларо. ГІелму букІинчІебани, гьелъул киналго лъугьа-бахъинал инсанасе масъалабилъун хутІилаан». Гьедин абулаан херав Мирзаца, пири пирхун гьелъул цІадул квачІал зобалазда риххараб мехалъ. Лъиданиги лъаларо метер къоялъул къисмат сунца рагьилебали. Сон, заман щвелалдего бана биццатаб гІазу. ГІемеразда ракІалда ккун букІана жакъа роцІцІинин ва гьелда цадахъ хинлъиги бачІинилан. Цонигияб лъугьинчІо. Я дунял хинлъичІо яги роцІцІинчІо. Жакъа радалги шагьаралъул цояб бутІаялда роцІараб зобги букІана цІвабиги рихьулаан, цогидаб бутІаялдайин абуни, хвалчаца къотІизе бегьулеб гІадаб, тІупун лъураб накІкІ, бадиб килищ тунканиги бихьулареб гІадаб бецІлъи букІана. Ралъдада цІер чІван гьечІоан, амма Нева гІурул каналазул цо-цо бакІазда цІорол кьоял лъугьун ругоан.

Жакъа Невский къотІнобги сверухълъиялдаги тІупун накІкІ лъун букІана. Къаси фоназда сверун багІарлъи букІин гурони, галул манзилалдаги, чиясул гьумер батІа гьабизе лъалеб букІинчІо. Циндаго бачІараб цІороялъ, хеч-хечарал тІингъил расазда мартІ рекІун, гІанкІил цІаказда релъун, хъахІлъун рихьулаан. КъватІазда кинабго чІаголъи гьелъ кунеб бугин кколаан.

ГІедегІун къотІносан вачІунев поручикас цадахъ вугев гьалмагъасда бицунеб букІана гьанже гІагар ккараб лъугьа-бахъиналъул.

-Гьанже тохлъизего бегьулеб гьечІо, дуца хІисаб гьабе, битІахъе театралъул кІалтІа ботІролъ жоги кьабун рехун вугоан жандармаялъул сержант. Бандитазул гІамал босарал гІассиял чагІаз гурони гьединаб жо гьабизе рес бугищ? Дир хІисабалда, гьечІо,-ян жиндирго ццидал къвачІил кІал ричІана гьес.-Гъов жеги рекІеде вачІун гьечІоан. Больницаялде хъамун ана. Гьесда кодоб къазабун батана пача хІакъир гьавураб листовка.

-ГІажаибаб жо гьечІищ? Кин гьесда кодобе гьеб ккараб?,-ан гьакІкІан хутІана лейтенант.

-БичІчІулареб жо гуро, гьеб шагьаралда ругел рахчарал марксистал-бунтовщиказул хІалтІи буго. Халкъ бунталде ахІулеб буго гьез, гІайиб гьечІел гІадамал къосинарулел руго. Гьелъие гІоло къватІахъ полициялъул нарядал цІикІкинарулел руго. Петербургалъул губернаторас шагьаралъул щибаб букІон хъирщизе буюрухъ кьун буго,-ян властаз гьарулел ругел къвакІарал тадбираздаса разиго кІалъана поручик.

-Гарбида рехулеб кІичІалъухъ гІащикъас гурони, гьединаб ахІмакълъи гьабиларо,-ян тІад рекъана дандияв.

Нева къватІалъул бакьулъ бугеб кІиго тІалаялъул «Европа» ресторан жеги хІалуцун хІалтІулеб букІана. Сардил кватІараб заман бугелъул, гьенире тІаде рачІунездаса тІаса унел гІадамал цІикІкІарал рукІана. Мухьдахъ гурони чІезе бакІ щолареб ресторналда чІорого хутІарал столалцин рукІана. Амма рохел-кеп, гьекъей жеги гучалда букІана. Гьекъараб жоялъ ботІролъ пикрабазул кунал кьурулел рукІаниги, тІадегІанаб обществоялъул хІурматиял гІадамазда жидерго рукъ-бакІ кІочон тун букІана. Гьоркьо-гьоркьоб ахІулеб кечІалъги, гьединго гьарулел кьурдабазги гьел тІубанго машгъур гьарун рукІана. Карачелалъун рекІелъ гьелчолел рукІана оркестралъ, цоялда хадуб цоял рачунел Штраусил, Чайковскиясул, Бизел панаял бакънал. Амма киназего гуро гьелъул кеп букІараб. Цо-цо гІорцІарал офицерзабиги, базаргабиги цоцалъ къацандулел, жиде-жидер тІадегІанлъи бичІчІизабизе лъугьунел рукІана.

«Европа» ресторналдаса цоцалъ къан рачІунел гІадамазда гьоркьосанги ваккун, полицияс чанго нухалъ пиштІана. Гьелдаго цадахъго ресторналда жанисан кІиго кьвагьи бахъана. Щив чІваравали ва лъида гулла щварабали лъалеб букІинчІо. Жиндие кумек щвечІев полицияс нахъеги гьебго тІалаб гьабун чанго нухалъ пищтІана.

Ресторналдаса гІемер рикІкІад гьечІого бугеб Казанский соборалда сверун рукІарал полициялъулазда пештІероялъул гьаракь рагІана ва гьел къотІносан рекерун ана.

МахІач, санагІат ккеялъухъ валагьун, хъаравуллъиялда вукІана. Живго хутІарав МахІач соборалда сверун полицияги бихьун лъикІалан заманаялъ чІезе ккана, гьел тохлъизегІан данд битІараб подвалалъув вахчун. Гьанже гьесие нух рагьана. Полиция аралго гьев повалалъуса къватІиве вахъана ва хъата-масан соборалда аскІове ана. Шагьаралъул бетІераб къотІноб, кигІан квачан букІаниги гІадамазул хьвади къотІулароан. МахІачица гьезул щаклъи кколаредухъ, цІодорго соборалъул чІахІиял хІубазда листовкаби седана, гъоркьехун векерун, цебе бугеб Кутузовасул памятникалда нахъаги седана, гъоркьехун векерун, Баркалай-де-Толил памятникалдаги седана.

**(Хадусеб букІине буго)**

# Обращение
## главы Унцукульского района Исы Нурмагомедова

От имени жителей Унцукульского района выражаю искренние соболезнования всем жителям Цумадинского района в связи с трагическим происшествием, произошедшем 25 апреля в компьютерном клубе селения Агвали. В результате взрыва один ребенок погиб, другой находится в тяжелом состоянии.

Это страшная трагедия, расследованием которой в данный момент занимаются соответствующие службы.

Уважаемые жители Унцукульского района!

Все мы помним 1999 год, когда на территорию Дагестана вторглись бандформирования. Дагестан переживал тяжелые времена, когда жизнь людей была неспокойной. Мы помним теракты 2010-2012 годов. Люди вместе с представителями защиты правопорядка боролись с террористами, в результате чего остались схроны с боеприпасами и оружием. Я призываю всех сдать найденные оружие и боеприпасы в правоохранительные органы. Вам гарантировано освобождение от уголовной ответственности. Давайте будем создавать условия для мирной жизни на дагестанской земле! Помните, что безопасность наших близких, и в первую очередь, наших детей, является самой важной задачей! Защитим наших детей, достойно воспитаем их, и сможем достичь достойного будущего для нашей Родины!

**Глава МО «Унцукульский район», председатель АТК Унцукульского района**
**Нурмагомедов Иса Магомедович.**

# Европаялъул къагIидаялъ – пенсия



**Германиялда минималияб пенсиялъул закон гьечIо.**

ЦIохIо Россиялда гуребги унтараб суаллъун буго пенсия. Кин гIумро гьабун ругел Германиялъул, Испаниялъул ва Польшаялъул пенсионерал?

Пенсиялде ун хадуб гIемерисел немцаз чIезе бакI босула хинал ралъдал рагIаллъабаздаса ва гIумро гьабизе гьенире уна. Германиялде рачIуна цо-цо праздниказда ва лъималаздегун гьезул лъималазде щвезе. Немцазул пенсионеразул тIубарал поселкаби руго Испаниялда, Канараязда ва Португалиялда. Рокъоялдаса гьениб гIумро гьабизе гIемерго учузаб буго. ЛъикIабго пенсиялъ рес кьола сапарал гьаризе, цIиял жал росун жалго гогьдаризаризе. Германиялда ва цогидал улкабазде дандеккун гIумроялдаса рохизе.

Улкаялда гьечIо минималияб пенсиялъул закон; амма гьанже хIалтIулел немцазе жидерго чIахIиязе гIадаб рохалилаб гIумро гьабизе рес гьечIо. Жакъа бихьулеб буго гьанжеялдаса 20-50 соналдаса гIемерго дагьлъизе руго пенсиялда цебесеб ригьалъул гIадамал, пенсионеразде дандеккун. Гьединлъидал гьабсагIаталда хIалтIулел ругел гIадамаз пенсиялде ун хадур



мискинго рукIинчIого рукIине жакъаго тIалабагъаз гьабизе ккола букIинеселъул.

Немцазе сундулъго гIадлу-низам бокьула. Гьединлъидал нахъе лъола дагьабниги буголъи. 70-80 % немцазул пенсионниял фондазда, банказда ва страховиял компаниязда рукIуна нахъе тараб гIарац. 2030 соналда немцал пенсиялде ине руго 67 сонил гIумроялда. ГьабсагIаталда мустахIикъаб хIалхьиялде уна 65 сонгин 3 моцIидасан.

**Испаниялъулаз гIумро гьабула цIикIкIун соназ**

Испаниялъул пенсионераз гIумро гьабула дагьала рекъезабун немцазда дандеккун, гьезул гьаб-добан гIарзалги рукIунаро. МоцIрол гьоркьохъеб пенсия улкаялда букIуна 850 евро. Херал гIадамазе бокьула сардал баразда, рестораназда регIизе, пиводул бокалалгун цIиял харбал рицунаго. Столалда нахъа рас хъахIлъарал кавалерал, росал дагьго рукIуна, гьел гIемерисел жидерго лъудбуздаса хехго хола, кигIанго Испания гIумро халалъиялъул рахъалъ Европаялда бищунго цере ругониги.

Бихьиназеги руччабазеги пенсиялде унеб заман гьабсагIаталда буго 67 сон, дагьаб цебе гьеб букIана 65 сон. Гар-гарал руго 5-I0 сонидасан гьелъул заман 70 сон чIезабизе бугин, захIматалъул стаж 37 соналдаса гьоркье букIине бегьуларин. Демографическияб ра хъалъ испанцал цогидал халкъазда гIумро халатал руго, щайгурелъул гьез лъимал гIемер гьаруларо (I-2 лъимер цо чIужугIаданалъ). Кризисалъул заманалда гIемерисел пенсионераз кумек - кверчIвай гьабула хIалтIи гьечIого хутIарал жидерго лъималазе.

**Польша ккола СССРалъул ностальгия**



Польша киданиги букIинчIо бечедаб улкалъун. Херлъарал бихьинал ва руччаби рукIуна бугеб гIезабун, Советияб заманаялъул асаралда гьоркь. Гьениб минималияб пенсия буго I95 евро. Цоцазе чIахIиязги гIисиназги кумек гьабуларебани лъикIаб букIинароан гьезул къисмат.

# Цадахъ рекъон хIалтIиялъе



Интервью кьун хадув М. ХIайбулаев щвана РГВКялде, дандчIвана телеканалалъул нухмалъулей Елена ТIагьировагун, бицана сайталда хурхарал суалазул, цадахъ хIалтIиялъул.

## Пайдаяб малъи

### *ТIул унтаразе*

Календула харил чаялъ кумек гьабула ццидал хIалтIуе ва дагьлъизарула холецеститгун гепатиталъул унтаби. Гьелъие хIажалъула кIиго кIудияб гъуд календулаялъул тIегь, цо гъуд ламадуралъул хьон, I стакан гьалараб лъим ва 2 стакан гьалун бухIизабураб рахьдал.

Календулаялъул тIегьалде тIаде тIе гьалараб лъим ва кIиго сагIаталъ гIодоб лъун те. Ламадуралъул хьоналде тIаде тIе рахь бухIилаго ва бецIаб бакIалда лъе цо сагIаталъ. КIиябго настой хIадурарабго цIуй ва цоцалъ жубазабе. Гьекъе радал цо стакан кIийиде бикьун кваналалде цебе.

Сах гьариялъул курс буго 6 къо, хадуб гьабе перерыв ва лъабго къойидасан цIидасан такрар гьабе.

### Ревматоидниябартриталъе

Босе цо кило бугеб хъахIаб капуста, бахъе жаниса ракI ва мясорубкаялдасан биччай. Гьединго гьабе жаниса ракI бахъараб гIурччинаб гIечул I килограмм-ги. КIиялдаго гьорлъ жубай цо стакан лъамияб гьоцIо, мясорубкаялдасан биччай кьоркьол тIамах (подорожник). Хасалие гьел хIадуризе бегьула бащадаб къадар гьацIулъги жубан I:I данде ккезабун. ТIадехун рехсараб кинабго жубазабула ва холодильникалъуб цIунула.

Щибаб къойил лъабго нухалъ кваналалде 30 минуталъ цебе I ст. гъуд кванай, сах гьариялъул курс ккола 2 моцI. Хадуб гьабе перерыв 5 къоялъ ва цIидасан такрар гьабе курс. КIиабилеб курсалдаса хадуб перерыв гьабе I0 къоялъ ва хадубги такрар гьабе курс.

### Би бацIцIад гьабе

Бахчаялъуб гIолохъанаб гурччинлъи букIадго бацIцIад гьабе чорхол би. Анкьида жаниб цо нухалъ чед ва цIам гьечIого гIицIаб рекIеда кванай петрушкадул, гьараналъул, сельдереялъул, пурччалъул, ражидул ва салаталъул листазул салат. Аслияблъун салаталъулъ кккола петрушка, цогидазин абуни би бацIцIад гьабиялъе гьелъие кумек гьабула. Киналго компонентал росе бащадал порциязда, петрушка хутIизегIан. Гьеб цIикIкIун босе. КIиабилеб порция салаталъул кванай тIоцебесеб кванан 30 минут араб мехалда. ТIубараб къоялъго кванай ягодаби, пихъал ва гьекъе лъим.

Петрушкаялъ дандечIей гьабула заман щвелалдего херлъиялде, кумек гьабула би дагьлъи лъугIизабиялъе.

---

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Унсоколо росулъа ПабдурахIманов МухIмадгIалида, яц Пайшатида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул вас **МухIамад** хъизан **ГIабидат** гьезул нус **Хадижат** нагагьаб балагьалдалъун Аллагьасул къадараде щвеялда бан.

Аллагьас гьезие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

* * *

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго районадминистрациялъул хIалтIухъан ХIасанова Пайшатида ва тIолабго гIагарлъиялда гьелъул эбел

**Сакинат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас алжан кьун йохун ятаги гьей!

---


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ:**<br>**Администрация МО**<br>**«Унцукульский район»**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br><br>**Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br><br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br><br>**368940** | **Адрес издателя и типографии**<br>**г. Махачкала**<br>**«Дом печати» ул. Акушинского 21**<br><br>**Подписано в печать 5. 7. 17 г. 18. 30**<br>**фактически -19. 30 мин.**<br>**……………………………**<br>**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках**<br>**Тираж - 1000 экз.** |